

Konsèy Jistics Anviwònmantal (EJC)

Reyinyon #18

Jedi 9 janvye 2025

Kote: University of Massachusetts Lowell (Coburn Hall), 850 Broadway St, Lowell,  
MA 01854  
6:30 pm rive 8:00 pm

Pwosè Vèbal Reyinyon an

Kote Reyinyon an Fèt: An pèsòn

Dokiman reyinyon an: [Ajenda](#), [Slide \(prezantasyon Powerpoint\)](#)

Manm Konsèy ki te prezan:

- María Belén Power, Sou- sekretè EEA pou EJ & Ekite (an pèsòn)
- Kalila Barnett (adistans)
- Madeline Fraser Cook (absan)
- Melissa Ferretti (adistans)
- Cheryll Holley (adistans)
- Caroline Hon (an pèsòn)
- Namrita Kapur (absan)
- Lydia Lowe (an pèsòn)
- Marcos Luna (an pèsòn)
- Peter Maathey (absan)
- Sofia Owen (adistans)
- Jen Salinetti (absan)
- Patricia Spence (absan)
- Ari Zorn (absan)
- Miles Gresham (absan)

Anplwaye Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònmantal (EEA) ki te prezan:

- Caroline Lemoine, Direktè Adjwen EEA
- Jonathan Guzman, Direktè EEA
- Martha Grover, Konseye Politik pou Dekabonizasyon Bilding'
- Deanna Moran, Responsab Rezilyans Kotyè, MEEA

Lòt moun ki te prezan:

- Shannon Ames, Direktè Egzekitif Low Impact Hydropower Institute (Enstiti Idwo-Elektrik a Enpak Fèb)

## **1. Akèy ak Apèsi sou Lojistik Reyinyon an**

María Belén Power te akeyi tout patisipan yo. María Belén te prezante Reprezantan Tara Hong, ki te fè remak epi ki te remèsyé patisipan yo.

Kecil John te bay yon apèsi sou lojistik reyinyon an, tankou itilizasyon bwat kesyon ak repons lan (K&R) ak disponiblite entèprèt yo.

María Belén te rekonèt Reprezantan Rodney Elliott, ki te rantre nan reyinyon an pèsòn. Reprezantan Elliott te prezante pakou li epi li te remèsyé patisipan yo pou patisipasyon yo.

## **2. Apèsi sou Ajenda a**

María Belén Power te revize ajenda reyinyon an.

## **3. Apèl / Apwobasyon Pwosè Vèbal Reyinyon Anvan yo**

María Belén Power te fè yon apèl manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, manm konsèy sa yo te prezan: **Kalila Barnett, Melissa Ferretti, Cheryll Holley, Caroline Hon, Lydia Lowe, Marcos Luna, ak Sofia Owen.**

Manm konsèy sa yo pa t prezan: **Madeline Fraser Cook, Namrita Kapur, Peter Maathey, Jen Salinetti, Patricia Spence, Ari Zorn, ak Miles Gresham.**

María Belén Power te ouvri deba a pou yon mosyon adopsyon pwosè vèbal reyinyon anvan an. Manm EJC yo te diskite sou de amannman nan pwosè vèbal Reyinyon 17 la. **Marcos Luna** te fè mosyon pou apwouve. **Caroline Hon** te apiye mosyon an. Tout manm konsèy prezan yo te aksepte pwosè vèbal yo, avèk amannman ki te fèt yo, eksepte **Kalila Barnett** ki te fè abstansyon paske li pa t patisipe nan reyinyon anvan an.

## **4. Premye Seyans Kesyon ak Repons Biblik**

Yon patisipan biblik vityèl te fè yon kòmantè.

- Yon patisipan te pataje disponiblite asistans teknik EJ Grantmakers Fund pou nenpòt moun ki enterese.

**Kòmantè ki soti nan K&R yo anba a**

#	Kesyon	Non moun ki poze kesyon an	Repons
---	--------	----------------------------	--------

1	Ki sous finansman leta ki disponib pou sipòte Pwogram Jistis Anviwònmantal ak Ekite Massachusetts la si Fon Sibvansyon Enfrastrikti Federal yo diminye?	David Dow	P/A
2	Bonjou, mwen avèk Sant Finansman Federal New England EJ ki fèk kreye a, ki alimante pa fon Grassroots la. Nou vle ede amplifye fon Sibvansyon yo. Gen anpil asistans teknik ki disponib pou moun ki enterese yo.	Anonim	P/A
3	Èske yon moun ta ka fè nou konnen konbyen patisipan ki genyen an pèsòn ak adistans?	Sarah Freeman	Bonjou Sarah, gen apeprè 16 moun k ap patisipe an pèsòn, ak 15 adistans.
4	Èske li posib pou mete ajenda a nan tchat la?	John Hayes	Bonjou John, mwen te ajoute tèks ajenda a nan tchat la.  Ou ka jwenn li tou sou sit entènèt EJC a isit la: <a href="https://www.mass.gov/event/public-meeting-notice-january-9-2025-hybrid-meeting-of-the-environmental-justice-council-ejc-01-09-2025">https://www.mass.gov/event/public-meeting-notice-january-9-2025-hybrid-meeting-of-the-environmental-justice-council-ejc-01-09-2025</a>

##### 5. Prezantasyon ki soti nan EEA a, Inisyativ ResilientCoast.

Oratè Envite **Deanna Moran**, Responsab Rezilyans Kotyè EEA a, te fè yon prezantasyon sou objektif jeneral inisyativ ResilientCoast la. Inisyativ la ap chèche devlope yon kad konplè ak ekitab nan tout eta a pou kominate kotyè yo pou adrese danje kotyè yo ak bati pratik rezilyan.

**Deanna Moran** te bay 6 objektif prensipal yo, kalandriye ki pwopoze a, epi enfòme manm konsèy yo sou distri rezilyans kotyè ki deziyen yo. Inisyativ sa a pral finalman vize devlope estrateji pou kominate kotyè yo ki ka pataje antre yo.

Manm Konsèy yo te mande ransèyman sou metòd estrikti òganizasyonèl la, diferans ki genyen nan resous ak richès ant kominote yo, epi mete aksan sou enpòtans devlopman resous ki sible sou kominote espesifik yo selon bezwen yo.

#### 6. Prezantasyon Low Impact Hydropower Institute (Enstiti Idwo-Elektrik a Enpak Fèb)

Oratè Envite **Shannon Ames**, Direktè Egzekitif Low Impact Hydropower Institute (LIHI), te fè yon prezantasyon sou hydro-elektrisite. **Shannon Ames** te bay pakou LIHI a, kontèks istorik òganizasyon an, epi li te diskite sou objektif idwo-elektrisite, enpak anviwònmantal ak sosyal yo, ak avantaj idwo-elektrisite. LIHI ap chèche revize manyèl yo nan objektif pou enkòpore rekòmandasyon tribi yo. **Shannon Ames** te revize pwosesis repetitif revizyon manyèl yo, prensipal chanjman konsènan konesans endijèn yo, ak pwochen etap yo.

Manm Konsèy yo te mande ransèyman sou sètifikasiyon idwo-elektrik reyonal yo ak aplikasyon yon peryòd konfòmite apre revizyon manyèl yo.

#### 7. Dezyèm Seyans Kesyón Piblik ak Repons

Patisipan piblik vityèl yo ak patisipan an pèsòn yo te fè kòmantè, poze kesyon, ak fè sijesyon.

- Plizyè patisipan te bay eksperyans yo avèk enpak anviwònmantal yo ak konsekans lavi tou pre gwo enstalasyon idwo-elektrik yo.
- Plizyè patisipan te mande ransèyman sou egzistans règleman ak solisyon konsènan konsekans anviwònmantal ak sosyal, tankou preparasyon mezi ekite yo.
- Yon patisipan piblik te mande ransèyman sou nòm kapasite eksplwatasyon ak jesyon.

#### Kòmantè ki soti nan tchat K&R yo anba a

#	Kesyón	Non moun ki poze kesyon an	Repons
1	Ki jan zòn rezilyans kotyè yo pral kominike avèk pwojè restorasyon Chanjman Klimatik ak Divèsite Biyolojik nan zòn kotyè yo?	David Dow	P/A

2	Nan Cape Cod Towns, gen plizyè pwojè restorasyon Jesyon Zòn Kòtyè MA avèk kèk popilasyon EJ / tribi endijèn ki pa angaje nan enpak restorasyon divèsite biyolojik ak itilizasyon yo fè nan kapital natirèl ak sèvis ekosistèm (sa vle di lachas tribal ak dwa lapèch yo afekte pa pak ewolyen (van) ak solè ki itilize pou pwodui enèji renouvlab)	David Dow	P/A
3	Tribi Mashpee Wampanoag la ap pwopoze yon kanpay "Dwa Lanati" pou restore abita repwodiksyon aran rivyè a nan basen dlo Upper Cape Cod ki afekte pa baraj ak obstak wout pou migrasyon pwason. Ki jan efò idwo-elektrik la pral abòde defi sa a?	David Dow	P/A
4	Anplwaye LIHI isit la: Sa a se pa yon kesyon, men pou moun ki rantre sou entènèt, si yo ta renmen wè Mizajou yo, men yon vèsyon PDF chanjman ki pwopoze nan Manyèl LIHI a: <a href="https://lowimpacthydro.org/wp-content/uploads/2024/07/2nd-Edition-Handbook-Rev.-2.06-Draft-for-Public-Comment-REVISED.pdf">https://lowimpacthydro.org/wp-content/uploads/2024/07/2nd-Edition-Handbook-Rev.-2.06-Draft-for-Public-Comment-REVISED.pdf</a> Mèsi anpil epi mwen espere sa itil!	Surabhi Karambelkar	P/A
5	Anplwaye LIHI: Ou ka jwenn lis enstalasyon sètifye LIHI yo isit la: <a href="https://lowimpacthydro.org/certified-facilities/">https://lowimpacthydro.org/certified-facilities/</a>	Surabhi Karambelkar	P/A

## 8. Pwochen Etap ak Sispansyon Reyinyon an

**María Belén** te raple manm konsèy yo pwochen dat reyinyon **13 mas la nan Framingham**. **María Belén** te mande si manm konsèy yo te enterese a sijè patikilye. **Caroline Hon**, **Marcos Luna**, ak **Sofia Owen** te pwopoze sijè pou pwochen reyinyon yo.

**María Belén** te mande yon mosyon pou sispann reyinyon an. **Caroline Hon** te mande pou l sispann. **Melissa Ferretti** te apiye. Sophia Spungin te fè apèl epi tout manm konsèy prezan yo te apwouve. Reyinyon an te sispann a **8:08 pm**.